Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (57 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (57 KB)

# "Shimolgaztaminot" unitar ka’rxanasi’

---



**Direktor:** Kudaynazarov Alliyar Bayjigitovich
**Qabi’llaw ku’nleri:** shiyshembi ha’m juma ku’nleri, saat: 9:00-12:00, 14:00-16:00
**Telefon:** (8-361) 224-04-08
**Elektron pochta:**
**Ma’nzil:** 742000, Qaraqalpaqstan Respublikasi’, No’kis qalasi’, Berdak guzari’, 179

---



**Bas injener w.w.a:** Bekimbetov Sarsenbay Baubekovich
**Qabi’llaw ku’nleri:** du’yshembiden juma ku’nleri arali’g’i’nda, saat: 9:00-12:00, 14:00-16:00
**Telefon:** (8-361) 224-28-55
**Elektron pochta:**
**Ma’nzil:** 742000, Qaraqalpaqstan Respublikasi’, No’kis qalasi’, Berdak guzari’, 179

---



**Direktor wori’nbasari’**: Djalekeev Kuuani’shbay Bayniyazovich
**Qabi’llaw ku’nleri:** du’yshembiden juma ku’nleri arali’g’i’nda, saat: 9:00-12:00, 14:00-16:00
**Telefon:** (8-361) 224-04-03
**Elektron pochta:**

**Ma’nzil:** 742000, Qaraqalpaqstan Respublikasi’, No’kis qalasi’, Berdak guzari’, 179

---

**Elektron pochta:** shimolgaz@mail.ru.
**Veb sayt:**

---

**I.Uli’wma mag’li’wmat**

«Shimolgaztaminot» unitar ka’rxanasi’ Wo’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2006 ji’l 8 avgustdag’i’ PP-438 - sanli’ «Wztransgaz» Akcionerlik kompaniyasi’ni’n’ jumi’slari’n jetilistiriw is-ilajlari’ haqqi’nda”g’i’ qarari’ ha’m “Wztransgaz» akcionerlik kompaniyasi’ Baqlaw Ken’esinin’ 2006 ji’l 18 avgustdag’i’ qarari’ menen du’zilgen.
No’kis qalali’q ha’kimliginin’ 30 avgust 2006 ji’lg’i’ 4397-sanli’ reestr nomeri menen dizimge ali’ng’an.
Ka’rxana yuridikali’q ta’rep yesaplani’p, wo’z jumi’slari’n ha’rekettegi ni’zamshi’li’q ha’m Ustav tiykari’nda a’melge asi’radi’.
Ka’rxana “Qoraqalpoqgaz” XDK ha’m “Xorazmgaz” XDK ta’repinen du’zilgen sha’rtnama ha’m juwapkershiligi boyi’nsha huquqi’y dawamshi’si’ yesaplanadi’.

---

**II. Ka’rxanani’n’ sho’lkemlestiriwshisi**

- «Wztransgaz» Akcionerlik kompaniyasi’ ka’rxanani’n’ sho’lkemlestiriwshisi yesaplanadi’.
- Ka’rxana Kompaniyani’n’ juwapkershiligi boyi’nsha, Kompaniya bolsa Ka’rxanani’n’ jushapkershiligi boyi’nsha minnetli yemes.
- Kompaniya ha’m Ka’rxanani’n’ wo’z-ara  mu’na’sibetleri Ustav ha’m tapsi’rma sha’rtnamasi’na muwapi’q ta’rtipke sali’nadi’.
- Ka’rxana Ustavi’na wo’zgeris ha’m qosi’mshalar kiritiw yamasa jan’a redakciyada Ustavti’ qabi’llaw haqqi’nda qarar Kompaniya ta’repinen qabi’l yetiledi.
- U’shinshi ta’rep ushi’n Ustavtag’i’ wo’zgerisler ma’mleketlik dizimnen wo’tkizilgen waqi’ttan baslap, ni’zamda belgilengen jag’daylarda bolsa, bunday wo’zgerisler haqki’nda ma’mleketlik dizimnen wo’tkeriwshi worgandi’ xabardar qi’li’ng’an waqi’ttan baslap ku’shke kiredi.

---

**III.Ka’rxana jumi’slari’ni’n’ maqsetleri ha’m wazi’ypalari’**

Ka’rxana jumi’slari’ni’n’ basli’ maqseti payda ali’w, sonday-aq, Kompaniya menen tapsi’rma sha’rtnamasi’na muwapi’q gaz bo’listiriw tarmaqlari’nan paydalani’w ha’m  ta’biyg’i’y gazdi sati’w.
Ka’rxana jumi’slari’ni’n’ wazi’ypalari’ to’mendegilerden ibarat:

- belgilengen ta’rtipte tuti’ni’wshi’lardi’ ta’biyg’i’y ha’m suyi’lti’ri’lg’an (xojali’qlardi’) gaz benen ta’miyinlew;
- belgilangen normalar ha’m qag’i’ydalarg’a muwapi’q, qa’wipsiz paydalani’w qag’i’ydalari’ normali’q talaplari’na a’mel qi’lg’an halda gaz bo’listiriw tarmaqlari’nan paydalani’w;
- gaz bo’listiriw tarmaqlari’ ha’m wolardi’n’ u’skenelerin jetilistiriw ha’m texnikali’q kayta u’skenelew;
- belgilengen ta’rtipte texnikali’q sha’rtlerdi beriw ha’m tuti’ni’wshi’lardi’ gaz tarmaqlari’na jalg’aw;
- belgilengen yesap standartlari’na muwapi’q ta’biyg’i’y gaz yesabi’n ju’ritiw, ta’biyg’i’y gaz sarpi’ yesabi’n ju’ritiwdin’ zamanago’y a’sbaplari’n ha’m usi’llari’n yengiziw, wolardan paydalani’wdi’ qadag’alaw;
- gaz bo’listiriw tarmaqlari’nda ta’biyg’i’y gazden duri’s paydalani’wdi’ ta’miyinlew;
- ta’biyg’i’y gaz jog’alti’wlari’n qi’sqarti’ri’w, ta’biyg’i’y ha’m suyi’lti’ri’lg’an gazden paydalani’w qag’i’ydalari’n buzi’li’wi’n, gaz tarmaqlari’na wo’z betinshe jalg’aw, ta’biyg’i’y gaz yesabi’n ju’ritiw a’sbaplari’n bilqastan isten shi’g’ari’w, ko’rsetkishlerdi wo’zgertiriw maqsetinde yesap a’sbaplari’n si’rttan aralasi’wdi’n’ aldi’n ali’w ha’m saplasti’ri’w;
- jetkerip berilgen ta’biyg’i’y gaz ha’m suyi’lti’ri’lg’an gaz ushi’n tu’simdi toli’q ji’ynali’wi’n ta’miyinlew;
- harekettegi ni’zamshi’li’q penen qadag’alanbag’an basqada jumi’slar.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- 🏠
- 🖧
- 🖂

Vazirlar Kengashi Statistik va tahliliy ma'lumotlar Vazirliklar va idoralar Shahar va tuman hokimliklari Hujjatlar Respublika mehmonlariga Elektron hukumat Interaktiv davlat

xizmatlar